# आकाशवाणी, गोरखपुर

दिनांक–05 मार्च 2026 भोजपुरी समाचार

गृहमंत्री अमित शाह आजु नई दिल्ली में बरिस दुई हजार सत्ताइस के जनगणना बदे महिला लोगि आ पुरूष लोगि क 'चिन्हा शुभंकर' – प्रगति अउरि विकास क औपचारिक अनावरण कइलें। येह मौका पे उहां के चारि गो डिजिटल उपकरणों क सुरुआत कइलीं। येह उपकरणन में हाउसलिस्टिंग ब्लॉक क्रिएटर वेब एप्लिकेशन, एचएलओ मोबाइल एप्लिकेशन, स्व–गणना पोर्टल आ जनगणना प्रबंधन अउरि निगरानी प्रणाली पोर्टलो सामिल हवें। गृह मंत्रालय कहले हवे कि उन्नत कंप्यूटिंग विकास केंद्र पूरा देस में गणना के काम के आसान बनावे बदे ई उन्नत डिजिटल प्लेटफॉर्म विकसित कइले बा।

**********

पश्चिम एशिया में चलि रहल संघर्ष के बिच्चे, एयर इंडिया यात्रियन बदे ढेरे राहति क घोषणा कइले हवे। एगो रिपोर्ट–

**एयर इंडिया ने कहा है कि प्रभावित यात्रियों को बिना किसी अतिरिक्त शुल्क के अपनी यात्रा की तारीख बदलने या टिकट रद्द करने पर पूरा रिफंड लेने की सुविधा दी जाएगी। एयर इंडिया ने मौजूदा हालात के बीच अधिक मांग को देखते हुए टोरंटो, फ्रैंकफर्ट और पेरिस–चार्ल्स डी गॉल के लिए अतिरिक्त क्षमता वाली उड़ानें संचालित करने की घोषणा की । सोशल मीडिया पोस्ट में एयर इंडिया ने बताया कि आज से 11 मार्च तक दिल्ली और टोरंटो के बीच 3 अतिरिक्त उडानें संचालित होंगी। 7 मार्च से 10 मार्च तक दिल्ली और फ्रैंकफर्ट के बीच तीन उडानें तथा दिल्ली और पेरिस के बीच एक उड़ान अतिरिक्त चलेगी।**

**इस बीच, पश्चिम एशिया और खाड़ी क्षेत्र की मौजूदा स्थिति को देखते हुए विदेश मंत्रालय ने नियंत्रण कक्ष स्थापित किया है। नियंत्रण कक्ष से सहायता के लिए सुबह नौ बजे से रात नौ बजे तक इन नम्बरों पर संपर्क कर सकते हैं। नम्बर हैं–एक आठ शून्य शून्य–एक एक–आठ सात नौ सात, शून्य एक एक–दो तीन शून्य एक दो एक एक तीन, शून्य एक एक–दो तीन शून्य एक चार एक शून्य चार और शून्य एक एक–दो तीन शून्य एक सात नौ शून्य पांच । समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर परिसर में भइल जनता दर्शन कार्यक्रम में अलगि–अलगि जिलन से आइल लोगिन क समेस्या सुनलें। एगो रिपोर्ट–

**मुख्यमंत्री ने जनता दर्शन के दौरान संबंधित अधिकारियों को जनसमस्याओं के त्वरित एवं प्रभावी निराकरण के निर्देश दिए। उन्होंने कहा कि हर समस्या का निस्तारण गुणवत्तपूर्ण, पारदर्शी और संतुष्टिपरक होना चाहिए। मुख्यमंत्री ने अधिकारियों से कहा कि जनता की हर समस्या का समाधान सरकार की प्राथमिकता है। मुख्यमंत्री श्री योगी पिछले सोमवार से गोरखपुर प्रवास पर थे। इस दौरान उन्होंने यहां पर होली पर्व से संबंधित विविध कार्यक्रमों और आयोजनों में हिस्सा लिया। आकाशवाणी समाचार के लिए गिरीश नारायण चौबे गोरखपुर।**

**********

यूपी बोर्ड परीक्षा से जुड़ल प्रस्नपत्र वायरल भइले क झूठ खबर फइलवला के नाते चारि गो यूट्यूब चैनलन पर कार्रवाई होई। येह मामिला में उत्तर प्रदेस माध्यमिक शिक्षा परिषद कै सचिव भगवती सिंह के तहरीर पर आजु प्रयागराज के साइबर क्राइम थान्हा में मामिला दर्ज हो गइल। साइबर क्राइम थान्हा मामिला दरज कइके जांचि सुरू कइ दिहले बा।

**********

मथुरा क जानल मानल दाऊजी महराज मंदिरे में आजु कोड़ामार होली खेलल गइल। एगो रिपोर्ट–

**मंदिर परिसर में विश्व प्रसिद्व हुरंगा के रंग में हुरयारे और हुरियारिने रंगे नजर आए। हुरियारिनों ने पहले हुरियारों के कपड़े फाड़े और फिर उसी कपड़े का कोड़ा बनाकर हुरियारों पर कोड़े बरसाए। हुरियारे भी सखियों पर रंगों की बारिश करते रहे और होली की गीतों पर खूब झूमे। इस अदभुत होली को देखने के लिए देश–विदेश से हजारों की संख्या में श्रद्धालु दाऊजी महराज मंदिर पहुंचे। आकाशवाणी समाचार मथुरा से मोहम्मद उमर कुरैशी।**

प्रयागोराज में आजु दूसरको दिन्ने हंसी खुसी के माहौल में होली क परब मनावल जा रहल बा। कई जगहिन पर होली कै पारंपरिक फाग गीतन से जुड़ल आयोजनों कइल गइल।

**********

आईसीसी टी–20 क्रिकेट विश्व कप क दूसरका सेमीफाइनल मैच आजु अबसे थोड़की देरि बादे भारत आ इंग्लैंड के बिच्चे मुंबई में खेलल जाई। वाराणसी में नमामि गंगे क सदस्य येह मैच में इंग्लैंड पर भारत के टीमि के जीति खातिर श्री काशी विश्वनाथ धाम के गंगा दुआरि पर खासि आरती कइके बाबा विश्वनाथ आ मां गंगा से प्रार्थना कइलें। आजु के मैचि क विजेता टीमि आठ मार्च के फाइनल मोकाबिला में न्यूजीलैंड के टीमि के साथे खेली।

**********

मौसम विभाग प्रदेस में येह हफ्ता गरमी बढ़ले के ओर इसारा कइले बा। विभाग के मोताबिक आवे वाला पांच दिनन में प्रदेस के उप्पर के तापमान में धीमे–धीमें दुई से तीन डिग्री सेल्सियस तक ले क क्रमिक बढ़ोत्तरी होई। ओहीं न्यूनतम तापमान में अगिला दुई से तीन दिनन में दुई डिग्री सेल्सियस तक कै क्रमिक बढ़ोत्तरी क अनेसा जतावल गइल बा। विभाग के मोताबिक येह अवधि में मौसम शुष्क रही।

**********